

Pa genyen pi bèl richès pase lasante

Bénédiq Paul

Devlopman tout peyi ansanm ak sosyete ki anndan yo a se devlopman moun. Si se pa sa, peyi oubyen sosyete a ka rich materyèlman, men, li pa pe devlope. Pou nou mezire devlopman yon sosyete, nou dwe konte sa moun¹ ki anndan li yo vo, sou plan entèlekyèl tankou sou plan lasante. Se enpòtan pou genyen fi ak gason nan yon sosyete, men li pi enpòtan toujou pou moun sa yo gen yon edikasyon, pou yo an sante, pou yo kab panse san fòs kote, epi pou yo aji avèk konsyans yo an pè.

Sou pwèn sa a, Ayiti nan deyè kamyonèt la, tout tan sistèm sante a poko vin yon priyorite pou peyi a. Ni nan sosyete a, ni sou plan endividyèl, lasante pa yon priyorite. Gouvènman an pa menm mete 5% bidjè nasyonal la nan sektè lasante. Olye pou moun nan sosyete a mete lasante nan bidjè yo, yo pito tann plis yo kapab anvan pou yo al konslite yon pwofesyonèl lasante. Daprè moun nan peyi a, devlopman an chita sou fè lajan epi sere lajan [1]. Kòb nou genyen kòm aktif pa vrèman mobilizab, si yo pa fonksyonèl, sa vle di, viv an sante. Anfèt fanm ak gason pa kab reprezante yon aktif lè yo pa an sante.

Se sèten, «yon moun byen pòtan, se yon moun ki pa konnen si li malad», sa se pawòl Jules Romains², Dr Jacques Blaise (pwofèsè nan Fakiltè Agwonomi ak Lamedesin Veterinè nan Inivèsite Leta Ayiti), te gen abitud kòne nan zòrèy tout moun. Sepandan, gen yon eta sante yon moun ye ki akseptab, epi ki pèmèt fanm kou gason aji selon potansyèl yo. Pou nou reprann sans mo kapital imen an nan fason ekonomis Jacques Généreux te redefini li an, nou ap di: «Kapital imen an se tout aptitud, talan, yon moun genyen, kalifikasyon li yo, eksperyans moun lan genyen, epi ki detèmine pasyèlman kapasite li genyen, osnon pou li fè kichòy pou pwòp tèt pa li oubyen pou lòt moun³.»

1. Se ekonomis ameriken Theodore Schultz et Gary Becker ki te devlope konsèp kapital imen an. Yo tou de te resevwa Pri Nòbèl nan ekonomi nan ane 1992 pou kontribisyon yo.
2. Louis Henri Jean Farigoule, ki te rele tèt li Jules Romains (1885–1972), te di: «Tout moun byen pòtan, se yon moun kip a konnen si li malad.» nan *Knock ou le Triomphe de la médecine* (pyès teyat Louis Jouvet te ekri nan ane 1923)
3. Généreux, Jacques (2000). *Introduction à l'économie*, coll. «Points Économie», 3^e éd. (1^{re} éd. 1992), Paris, Éditions du Seuil.

Nan sans sa a, tout efò ki fèt pou eskolarizasyon an, (15% nan bidjè nasyonal la disponib prensipalman pou eskolarizasyon, ansèyman siperyè a poko yon priyorite pou gouvènman an) moun yo ap tann ki li fèt tou nan domèn lasante nan peyi Ayiti. Li pa nòmal pou pwofesyonèl nan domèn lasante yo ap travay pou po pistach, pou yo oblije pran lari pou fè Leta rekonèt enpòtans travay yo ap fè a, pi plis toujou, pou yo fè Leta rekonèt diplòm yo.

Kòm sosyete, nou genyen anpil efò pou nou fè pou nou garanti byennèt nou epi pou nou pran responsablite byennèt nou. Erezman, pitit Ayiti yo, menm lè yo ap viv nan peyi etranje, yo pa janm ezite soutni sila yo ki ap viv nan peyi a, espesyalman lè sa pa bon lakay. Men, lè a rive pou noumenm Ayisyen, ki ap viv nan peyi a kou lòt bò dlo, pran responsablite tèt nou. Nou dwe sispann bay tèt nou manti, nou kwè nou ap viv an sante, alòske mantalman, nou genyen anpil moun malad nan peyi a (epitou, pafwa nou jwenn moun sa yo nan pozisyon pandan sitiyasyon kritik, tankou nan pòs, kote se yo menm ki pou pran desizyon). Se yon danje pou nou bay tèt nou manti menm sou eta sante nou. Poutan, li klè kou dlo kòk, ideyal nou, se pa pou nou bati yon sosyete moun malad.

Kòm li klè, se Ayisyen ki pou fè devlopman Ayiti, Ayisyen yo fèt pou yo an sante kit sou plan fizik, kit sou plan mantal. Se lasante anvan tout bagay. Se poutèt sa, se yon bon siy pou pwofesyonèl ki santi sa touche yo pi plis yo vin pale sou sa nan Haïti Perspectives. An definif, Jean Bodin, pa te gen rezon totalman lè te di «moun se richès⁴». Alaverite, yonn nan kondisyon esansyèl yo, se pou fanm ak gason sa yo an sante. ■

BIBLIYOGRAFI

1 Paul, Bénédiq (2011). *Le capital institutionnel dans l'analyse du changement économique et social: Application au secteur de la microfinance en Haïti*, Tèz doktora ki soti nan Université Montpellier 1 (France), an kolaborasyon avèk Inivèsite Leta Ayiti.

4. Bodin, Jean (1576). *Les Six Livres de la République*, Paris.